



Pou Piblikasyon Imedya: 02/05/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**DEKLARASYON GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL SOU OPINYON TRIBINAL SIPRÈM
LAN SOU ROE V. WADE LA KI PRAN LARI**

"Mwen twouble pa pwojè aparàn sou opinyon Tribinal Siprèm lan ki pran lari aswè a ki ta anile dwa avòtman *Rove v. Wade* te garanti a. Pou enterè fanm yo nan peyi a, sa pa ta dwe opinyon final Tribinal Siprèm nan lè sa gen pou wè ak dwa sou avòtman.

Nou nan batay sa depi twò lontan. Mwen refize tounen dèyè. Mwen refize kite nouvo pitit fi mwen nan obligasyon pou batay pou dwa ke jenerasyon yo te batay pou yo epi te pote viktwa, dwa ki ta dwe garanti.

Pou nenpòt moun ki bezwen aksè nan swen, eta nou an pral akeyi ou ak bra ouvri. New York pral toujou yon plas kote dwa pou avòtman pwoteje epi kote avòtman sekirite ak aksesib. Menm jan Estati Libète a (Statue of Liberty) leve lanp li byen wo nan pò nou an, New York p ap janm sispann batay pou sa ki dwat — san laperèz ak san dekouraje".

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418